



Akademisyen Michel Frantz GRANDOIT

Prezantasyon

Michel Frantz GRANDOIT pran nesans 29 septanm 1945 nan komin Pòtoprens. Frantz GRANDOIT etidye Filozofi nan Inivèsite Pari IV, Lasòbòn, kote li soti ak yon metriz; li gen yon sètifika nan Metodoloji investigasyon / Aksyon Patisipasyon avèk IICA ak plizyè espesyalis ki te soti nan peyi Brezil.

Piblikasyon

- . *Goute sèl*
- . *Manyèl platfòm pou lapè yo*
- . *TKL yo ak Teyoloji loberasyon an*
- . *Tè a se kòd lonbrik lèzòm*

Angajman

Soti 2001 rive 2004, Michel Frantz GRANDOIT te kòdonatè Kanpay Nasyonal Alfabetizasyon Leta a; 2001- 2011, li te okipe fonksyon konsiltan nan Biwo Sekreteri Leta pou Alfabetizasyon ; 1989-2006, pwofesè nan CEPODE, nan Inivèsite Leta Ayiti, prezizeman nan ENARTS ak Lekòl Nòminal Siperyè.

Li angaje li nan sektè sa yo :

- . Edikasyon
- . Dwa fanm
- . Sosyoloji
- . Relijyon
- . Agrikilti

Se Sekreteri Leta pou Alfabetizasyon ki te depoze dosye kandidati Michel Frantz GRANDOIT kòm Akademisyen